- Тимур, университетым щІэтІысхьэну къуэпсэу Іэщагъэ къэзыхьа куэд ди щІыналъэм ёокІри, нэгъуэщІ къэралхэм еджакІуэ макІуэ. Абыхэм дэт университетхэм нэхъ щІэныгъэфІ къыщІахьну, Іэмал нэхъыбэ къаритыну жызыІэхэр мащІэкъым. Уэ дауэ уеплърэ мы щытыкІэм?

- Ди къэралым имызакъуэу, хамэ щІыпІэ куэдым къыщыщащІыгъэ зэгурыІуэныгъэ зэращІыпІэ, ныбжьыщІэр ди деж зыкІуэри щоджэ, Іэщагъэ зригъэгъуэта нэужь, къэзыгъэкІуам деж ильэсищ нэхърэ мынэхъ мащІэкІэ абы и деж щолажьэ. А Іуэхущапэм мыпхуэдэ егъэджэкІэм мылъку трагъэкІуадэркъым, нэгъуэщІкІи кьызэІэбэфхьэм, ар кьэралым яхуэхуа бюджет тІыспэпІэ щытщ.

Сыхуейт «Адыгэ псалъэ» газетым кьызит Іэмалыр кьэзгъэсэбэпу, кьапщащІэ гъэнэхуныгъэхэм ныбжьыщІэхэр Іэнкун имыщІу, гупсэхуу куэдІэну, я мурадхэр кьэйхьупІэну дыззригуапэр жысІэну. Зыщымвыгъэгъупщэхэмрэ: кьыхэфхэ гъэгъуэм зыкъомкІэ фи кьэкІуэнур ельытащ, арыхьэуи, ди деж фыкъакІуэ, фызыхущІемыгъэньэн Іэщагъэ кьыхэфхьныкІэ чэнджэщагъэ фыфхуэкъну ди сыт щыгъуи дыхьэзырщ.

- Тимур, псалъэмакъ купщІафІэ дызэребгъэдэІуам папщІэ тхьрраз кьыпхухъу!

- Фэри фІыщІэ фхузощІ, «Адыгэ псалъэ» газетым и псалъэр пІэпкъ псори зэпІэщІыпхъу иджыри куэдэу щІыпІэну си гуапэщ!

Епсэлъар

ШУРДЫМ Динэщ.

Лэжьакіуэмкіэ, гущіэгъуныгъэ, акъылыфІэт

Апхуэдэущ дигу къыззринар иджыблагъэ дунейм ехьажа ди къуажэгъу, илъэс куэдкІэ Іэщ дохутыру лэжьа Щомахуэ Замир Пілэ и къуэр.

ЗЫПЭРЫТ Іуэхум фІы дыдэу хэзышІыкІ ІэщагъэлІ нэст Замир, абы зыхуэзыгъэзэуэ игъэщІэхъуэ щІыпІэкъым, зэрыжьІэну сэбэп кьытхуэхъуу и гъащІэр иригъэхьІащ. Жьыми щІэми дахэу кьадекІуэкІыфІыт: нэхъыжьхэр игъэпІэпэт, щІэблэр игъасэрт.

Замир зыфІэкІуэдар и унагъуэм, кьыдалъхуахэм я закъуэкъым, жьлэ псом я дежкІэ хэщІыныгъэшхуэщ. И ахърэтыр дахэ Тхьэм ищІ!

Ипсэлъэм

къуажэдэсхэр, Бахъсэн район.

Лэжьакіуэхэр, гущіэгъуныгъэ, акъылыфІэт

Апхуэдэущ дигу къыззринар иджыблагъэ дунейм ехьажа ди къуажэгъу, илъэс куэдкІэ Іэщ дохутыру лэжьа Щомахуэ Замир Пілэ и къуэр.

ЗЫПЭРЫТ Іуэхум фІы дыдэу хэзышІыкІ ІэщагъэлІ нэст Замир, абы зыхуэзыгъэзэуэ игъэщІэхъуэ щІыпІэкъым, зэрыжьІэну сэбэп кьытхуэхъуу и гъащІэр иригъэхьІащ. Жьыми щІэми дахэу кьадекІуэкІыфІыт: нэхъыжьхэр игъэпІэпэт, щІэблэр игъасэрт.

Замир зыфІэкІуэдар и унагъуэм, кьыдалъхуахэм я закъуэкъым, жьлэ псом я дежкІэ хэщІыныгъэшхуэщ. И ахърэтыр дахэ Тхьэм ищІ!

Ипсэлъэм

къуажэдэсхэр, Бахъсэн район.

Бадзэуэгъуэм и 26, *барэжьей*

Бадзэуэгъуэм и 25, *гъубж*

+ Эсперантэ бзэм и дунейпсо махуэщ
+ 1936 гъэм къалъхуащ тхакІуэ, тхыдэдж-архивист, журналист, политикэ щІэныгъэхэмкІэ доктор **КІэрашэ Аслъэнбэч.**
+ 1949 гъэм къалъхуащ географие щІэныгъэхэмкІэ доктор, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща **Болэ Владислав.**
+ 1972 гъэм къалъхуащ АР-м щІыхь зиІэ и журналист, «Щапсугия» газетым и редакторэ нэхъыщхьэ **Ныбэ Анзор.**
+ 1983 гъэм къалъхуащ боксёр, Олимп джэгуэхэ жэз медаль къыщызыхьа, Урысейм бокс спорт лІэужьыгъуэмкІэ щІыхь зиІэ и мастер **Хърачэ Мурат.**

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэрэтехьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 28-рэ, жэщым градус 18 - 21-рэ щыхьынущ.

Бадзэуэгъуэм и 26, *барэжьей*

+ Эсперантэ бзэм и дунейпсо махуэщ
+ 1936 гъэм къалъхуащ тхакІуэ, тхыдэдж-архивист, журналист, политикэ щІэныгъэхэмкІэ доктор **КІэрашэ Аслъэнбэч.**
+ 1949 гъэм къалъхуащ географие щІэныгъэхэмкІэ доктор, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща **Болэ Владислав.**
+ 1972 гъэм къалъхуащ АР-м щІыхь зиІэ и журналист, «Щапсугия» газетым и редакторэ нэхъыщхьэ **Ныбэ Анзор.**
+ 1983 гъэм къалъхуащ боксёр, Олимп джэгуэхэ жэз медаль къыщызыхьа, Урысейм бокс спорт лІэужьыгъуэмкІэ щІыхь зиІэ и мастер **Хърачэ Мурат.**

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым з

Ислъамым и нур

Урысейм КъурIэныр щагъэлъапIэ

Къурмэн хьидым ирихьэлIэу, мэкъуаугъэм и 28-м, Дербент дэт мэжджытым щагъэблагъэм, УФ-м и Президент Путин Владимир КъурIэн лъапIэр аратащ. Мыслымэнхэм пщIэ зыхуащI тхьилъри игъэпуду зыми зэрыхуимыдэнур къыхигъэщащ Президентым.

«МЫР мыслымэнхэм ягъэлапIэ тхьилъщи, абы пщIэ хуащIыныр псоми я къалэнщ. Дэ дощIэ языныкъуэ къэралхэм цIыхум яхэлъ фIэщхъуныгъэм егуэгуэныр щIэпхъаджагъэу къызэрыщамылъытэр, - жиIащ Путин Владимир. Зи гугъу ищIыр а махуэ дыдэм Швециемэ и къэрал хабзэр я телъхьэу, бзаджащIэхэм КъурIэныр зэрыщагъэсэрт. - Дэ ди къэралым апхуэдэ Іэхухэр Конституцэмкlэ щIэпхъаджагъэу къыщыдолъытэ. НэгъуэщI диным пщIэ хуумыщIынри ар къэбгъэсэбэпу цIыхухэр зэщыбгъэхьэнри зыми хуамыдэну хабзэншагъэщ. Мы мэжджытым сыщIэту нобэ Урысейм мыслымэнмэ исым сохъуэхъу. КъурIэныр тыгъэ къызэрысхуэфщIам папщIи фIыщIэ фхузощI. Кремлым абы хуэфэщэн телъхьэнlэ къызэрыщигъуэтынум шэч къытевмыхьэ», - жиIащ Урысейм Федерацэм и Президентым.

Тхылъ еджэхэри щыубэ щыIэ?

Тэтрокъуэ Башир республикэ хьэрычэтыщIэхэм зи цIэр фIыкIэ къахэщ ухуакIуэщ. ЩIалэм иджыблагъэ упщIэ гъэщIэгъуэнкIэ захуигъэзащ и интернет Іэщlэдзхэм: «Сыт хуэдизкIэ тхылъ еджэныр сэбэп хьурэ зы цIыхур адрейм хуэмыпсэлъэн папщIэ?»

ДИ ЩIЫНАЛЪЭМ щыщ щIалэгъуалэм иужьрей зэманым гу лъыптэу тхылъхэм зратащ. Куэд еджэным, зэджам тепсэлъыхьыжным, ар гъащIэм сэбэп хуэхъу-хуэмыхьу и лъэныкъуэкIэ зэпкърахьыжным мыхьэнэшхуэ ират абыхэм. Интернет напэкIуэщIхэм щы-зэдзэгашэу къыщIадзэри, езыхэм къызэрагъэпэщыжа тхылъеджэ гупхэм хуэмурэ щызэроцIыху. Дин зезыхьи зезымыхьи яхэтщ абыхэм, ауэ зыр адрейм щIыдзэпIуеин хьэлщэн дахэ хъалъагъуфэ, гъунэгъу республикэм къикIа хьэщIэкэри къакIэпльокIу. Аэрщ Тэтрокъуэ Башир и упщIэ купщIафIэр зыхуигъэзар:

«Мыр си закъуэ си гупсысэкъым, - жеIэ щIалэм. - Си ныбжьэгъу, цIыхугъэ куэди си акъылэгъуащ. Ди щIыпIэм щыпсэуэхэр адрей цIыхухэм ятепсэлъыхьын хьэлыр зыханэфыркъым. Ауэ сытми я гугъу ящIкIэ зэфIэмыкIыу, цIыхум и пщIэри, и цIэри фIейм хакуэ, мыхьэнэ гуэр пщIэу зыщымкъуу, Ар хэкIыпIэ гуэр къызыхуэгъэтыпхъэ бэлъхьышхуэщ. Диным убэнщр щIымыдэ щхьэусыгъуэхэм ящщ абы жылагъуэ гъащIэр зэрызэтрикъуэтэр, зыужьыпIэ къызэрыдимытыр. Убэрейхэм цIыху зэхущытыкIэри ягъэутхъэу, унагъуэхэр зэтракъутэ. Гъунэ иIэкъым зы цIыхур адрейм зэрыхуэпсалъэм зэрарыгъэу къыишэм. УпщIэу сиIэр зыщ: тхылъ еджэным зыгуэру цIыхухэм захримыгъэныфыну пIэрэ убэн хьэлыр? Езым хуэдэхэм я щхьэфэм имыIэбэу, зэджам, тхылъхэм хэт лIыхъужьхьэм ятепсэлъыхьурэ, кьигъэнэфыну цIыхум нэгъуэщIым и щхьэфэм иIэбэн нэрыгьыр? Псалъэм папщIэ, Толстой, Достоевскэм хуэдэ тхакIуэхэм лIыхъужьыр ауэ уагъэцIыху кьудейкьым, я гум щыщIэми щыгъуазэ ящI. ГъащIэм кууэ хэпщIауэ псэуну хуэй цIыхум и гур абыхэм я епIыкIэм имыгъэнщIыфну пIэрэ?

Тхылъ еджэным итхъэкъуэу сэ сцIыхуэхэр нэхъ мащIэуц адрейхэм зэратепсэлъыхьыр. Дэ къэтхуиуха гъащIэ ящIщ. Ар сэбэпынагъ къэзышэну Іэхум тедгъэкIуадэмэ, мыхьэнэ зимыIэм, зэраныгъэ хъэщIым къыхуэнэнур нэхъ мащIэщ. Дауэ фегупсысрэ?»

Жэуапхэми загъэгувакъым. Нэхъ гукъинэжхэм щыгъуазэ фыдощI, фи Іэуэу епIыкIэмкIэ фыкъыщдэгъашэми, нэхъыфIыжщ.

- Псори итопсэлъыхь, ди жагъуэ зэрыхъуци. Си гугъэмкIэ, тхылъ еджэхэм цIыхухэм яхуэпсэлъэну зэман лей иIэкъым. Ауэ убэнщр зи нэрыгьыр тхылъ еджэкIи нэхъыфIу къынукъым.

- Си гугъэмкIэ, тхылъ еджэ цIыхум езым хуэдэм и пIэ зрегъэувэф, къэхункIи хъунухэр тхылъым щигъэунэхуащи, гъащIэр нэхъ пэжу кьыгуроIуэ, пэжымрэ пцIымрэ нэхъ зэхеГъэкIыф.

- Псори атхуэдэщ жысIэркъым, ауэ цIыхухэм сакIэльыплъыху, гу зыльыстар фщIэрэ? Ди цIыхухэм я нэхъыбэр щхьэхынэщ, щIэуэ зыгуэр кьащIэ нэхъ рэ, зыгуэрым жиIам зыгуэр дыдэ ящIэжу адэкIэ ягъэIэбэну нэхъ къащIэ. Нэхъыбэм езым я Іэхъу епIыкIэ яIэжкъым. «Хъушэм зыдрагъэкIуу» мэгупсысэ. ЦIыхур къэзыухъуреихьэкм куэд елытащ. Тхылъ еджэхэм, ар тхакIуэ тхылъуи нэгъуэщIуи щрет, я гупсысэр нэхъ куущ, сытым теухуауи кьыбдэуэрщэрыфынуц аэрэ. Еджэкэр нэхъ лъагэщ емыщэжкэм кIэрщ. Абыхэм убэн зыфIэфI цIыхухэр зрагъэгъуэсэркъым.

- Зыгуэрым убэн зэрыщIидзэу, занщIэу «уимIуэзу зумыхуэ» жызоIэ сэ. Си жьэнахуагъым щхьэкIэ фIыуэ сыкъалъагъуркъым. Ауэ апхуэдэ цIыхухэм сагъэныбжьэгъу нэхэрэ, нейуэ кьызэплъыжи, нэхъ къэсщтэнуц.

- Сэ сфIэгъэщIэгъуэнри? Куэдым убэн щыщIадзэр зыгуэрым тепсэлъыхьын кьудей щхьэкIэщ. Дауэ ущыт, сыт уи узынщагъэ зэжраIа нэужь, асыхьэтым зэхуэзэ цIыхуитым узэптесэлъыхь хъун гуэр къалъыхъэ. Зытепсэлъыхьын яIэкъыми, псалъэм папщIэ, Мадинэ гуэр зэрикIыжар къащIэж. Уэху! Иджы губзыгъафэ зыщIраплъыжын темэ къаIэрыхьащ! Аращи, Мадинэ тхьэмыщкIэм зыц къытрамынэу тепсэлъыхь. Зыгуэрым и гъащIэм дагъуэ гуэр зэриIэм ягу хегъахьуэ цIыхухэм. Пэжыр жысIэмэ, сэри тIэкIу сыщытщ апхуэдэу. Си жагъуэгъуэхэм е фIыуэ ящIэрылъагъуэм къащIыщIаIауэ зэхэсхьи сфIэфIщ. Зыкъызоумыс!

Еджэныр сэбэп мэхъу убэн хьэлыр зыхэбныкIэ жыпIэми, ари пщIэнукъым. Еджэ псори еджа хъуркъым-тIэ. Тхылъым итыр зи фIэщ хъум зихъумэфынкIи хъунщ. Иджыпсту куэд йоджэ, ар моднэщ. ЩIэныгъэ зыбгъэдэлъэм я бжьыгъэр зэрыхэхъуэри фIыщ. Ауэ щIэуэ а Іэхъум зезытахэм я нэхъыбэр дзэзыхьэхр тхылъым къатригъауэ фэрщ. Ар зытеухуар къыбжалэжьфынщ, ауэ и мыхьэнэми нэсырхьэм, лIыхъужьхъэм я хьэлхэм гу лъатэркъым, кууэ кIуэщIрыплъыфырыкъым.

- «ЦIыхушхуэхэр псэукIэ хабзэм топсэлъыхь, ику итхэр - къэхуа-къащIахэм, мыхьэнэшхэр - нэгъуэщI цIыхухэм».

- ЛIыкIуэ лъапIэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам жиIэжащ: «Михьрадж жэщым гъуапIэ Іэбжьанэ зыпыт цIыхухэм саблэкIащ, абыхэмкIэ щхьэж и нэкIымрэ и бгъэгумрэ ящрифыщIахьыжу. «Хэт ахэр, Джэбрэиил? – жысIэу, сыщыщIэупщIэм, къызэжиIащ: «Ар цIыхуп зыщхахэрщ, дуней гъащIэм цIыхухэм яхуэпсалъэрэ, я напэр тезыхахэрщ». Зэдаубын зимыIэхэр эшу кьыпщохъу иныкъуэхэм дж. Адрейхэм ахуэпсэлъэныр апхуэдизкIэ Іэхъу кьызэрыгуэкI хъуащи, мыхъун гуэр ящIэу къафIэщIыхьэркъым. НэхъыфIу закъыщIхъужыну хуейуэ аращ абыхэм. «Убэным уэрыпэщIэтын» и цIэу Митчелл Мэтт и тхьэ щыIэщ, чэнджэщ фызот абы фыкьеджэну. «Хьуджурат» сурэм и 12-нэ Іэятри фигу къэзгъэкIыжыну сыхуейт: «Уа Алыхьэр си фIэщ хъуаха! Хуэгъэфэщэныгъэ куэдым фызуэсакъ. Иныкъэу хуэгъэфэщэныгъэкэр пщIыну гуэныхьщ. Зыр адрейм фыкIэтымыплъ, нэщIыбагъкIэ фызэхуэмыпсалъэ. Хэт хуейр и къуэш лIам и лыр ишхыну? Ар гущыкIыгъуэщ фи джеIэ. Аращи, Алыхьэм фыщIышынэ. Шэч хэмылъу, Алыхьталэр тобэ Іызыхьжщ, гущIэгъу зыхэлъщ». Дэтхэнэ зыри Іуэгу захуэм дытригъэуви, нэхъыфIыр хъэл тхуищI. Амин».

Тхылъ уемыджуи зыпхуегъэсэну къыщIэкIынщ щIыхуэхэм фIыуэ хаухущиту. Ауэ еджэн хьэл зиIэм езым и Іэхъу зыIутыр нэхъ ІупщIу зэриIагъэурэ пэжщ. «ЗызыщIыхужьым кьэзыгъэщIа Алыхьталэри ецIыху», - жеIэ хьэдисым. Апхуэдэр зыгъэпIейтяр езым и хьэл мыгъуэхэрщ, нэгъуэщIым и дагъуэр зэIипщIыкIыну хущIыхьэркъым ар, кIуэ, и псэм кьытемыгъуэльхьапэмэ.

- «Къеджэ», - псалъэрщ КъурIэным щыщу япэу кьеха псалъэр. Ар зыхуэгъэза ЛIыкIуэ лъапIэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам тхэкIи еджэкIи ищIэркъым, итIани, цIыху щыкIыр дунейм тетыху зыхуэныкьуэну псори зритхэн папщIэу Алыхьэм я къуэш-я къуэшыр. КъурIэн лъапIэр щIэныгъэмэ, бегъымбар махуэм и псэукIэ щапхъэр ар гъащIэм зэрыхьупщэну Іэмалщ.

Тэтрокъуэ Башир игъэува упщIэми щIалэгъэ щIэлъу кьыпфIощI: тхылъ куэд седжащ жыпIэн кьудей щхьэкIэ, уи дапхъэм тхылъ тез пщIынри, абыхэм жьакIуэу уатепсэлъыхьыжьыфынри зыми щIыщкъым, щIэныгъэм нэхъ цIыхуфI, нэхъ гу кьабзэ, нэхъ псэ хьэлэл къыпхимыщIыкIмэ.

Лъэпкъри жылэри ефIэкIуэн папщIэ, убэн хьэлым зыгуэр ещIэн зэрыхуейм, а лъэныкъуэмкIэ дызэмылэжьыжьу зэрымыхъунм гу лъыдигъэтащ. УпщIэр пэжу щыуважкIэ, хэкIыпIэри кьытхуэгъуэтыпхъэщ.

Губзыгъэр тэмакъкIыхьщ

Шэджэм Етlуанэ жэмыхьэтым и Іимам Хъуэкlуэн Арсен и хъутIбэм щытопсэлъыхь дэтхэнэ зы муслымэнри щабэу, цIыху хэтыкIэ дахэ иIэу щытын зэрыхуейм.

МЫ ДИНЫМ и дахагъэ цIыхухэм кьедгъэлъагъун хуейуэ къалэн кьытщIыхьащ. Ауэ ятхъэлэн, щапхъэу диIэ Бегъымбар лъапIэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхами дыкъэзыхуриджари дызыхуигъэсари хьэл-щэн дахэ тхэлъынырщ. Щыкъуагъэр Іуащыгъэм и щхьэщ», - жаIэ цIыху губзыгъэхэм. Апхьытаралэм сыт щыжиIэр КъурIэн лъапIэм? «Къыхуеджэ ахэр уи Тхьэм и диным Іуущыгъэрэ ущие дахэкIэрэ». Сэламыр зэха Мусарэ Хьэрунрэ фирхьэуным дежь щигъэкIуами, сыт яжриар Алыхьталэм? «Сэракъэ фи Тхьэ лъапIэр?», - жиIэу, фирхьэуныр Тхьэуэ зыкъызыщIыхъэжа тепщэ ерут. «ФыкIуи щабэу фепсалъэ абы, е шынэнщ, е зыщIэгупсысыжащ», - яжриащ абы и деж щигъэкIуэм. Апхуэдэ цIыху икIэм нэгъунэ щабэу епсэлъэну унафэ щахуищIакIэ, дэ тхуэдэ цIыхум диным и дахагъэр кьигурыдгъэIуэну дыщыхуежьэкIэ, шэч хэлъ а Іэхъум щабагъэр ипэ идгъэщу дыбгъэдыхьэн зэрыхуейм?

Дэ кьытхэтщ диным е езым и щхьэм хуэмыфащэ гуэр кьыщырапэсым деж, занщIэу цIыжьбанэм хуэдэу зыкъэзыIэт.

УкъыдэIуэ, укъыттеIэбэ мыхъуу, занщIэу дахэуэну, дедзэкъэну, зыIупыддзэну дыхьэзэрщ. Ди пхъэл мыдахэмкIэ, емыкIымкIэ сыт хуэдиз цIыху нэхъри ІудгъэкIуэтрэ? АтIэ мы диным дыкъэзыхуриджэри, Бегъымбар лъапIэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам цIыхухэр кьызэрыдихьэхьу щытари щэн дахагъ. Дэри абы дыдэлъпIеин хуейщ.

Сыт Алыхьталэм и ЛIыкIуэ лъапIэм теухуауэ КъурIэным щыжиIэр? «Дэ езым фщыщу ЛIыкIуэ къыфхуэжIауэ. Абы кьохьэлъэкI фэ гуэныхь гуэр щывлэжьыным деж. Ар фэ кьыфхуосакъ, кьыфтеубгъуащ. Алыхьэр си фIэщ хъуаха! Ар ящIащэщ ар, гущIэгъуи яхуещI». Бегъымбар лъапIэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам и хьэл дахэм кьыщытхъуу, КъурIэным мыри иткъэ: «ИпэжыпIэкIэ уэ ирикъуаугъ, нэгъэсауэ, хьэлщэн дахащэ пхэпъ».

ЦIыху Іущхэм жаIауэ мыпхуэдэ псалъэхэри щыIэщ: «Иманыр зыгъэдахэр щIэныгъэрщ. ЩIэныгъэр зыгъэдахэр лэжьыгъэрщ. Лэжьыгъэр зыгъэдахэр щабагъырщ. Зыгуэр зыгуэрым хэлъхьэжьи хуейми, щIэныгъэмрэ тэмакъкIыхьагъэмрэ хуэдэу зэкIуитI гъэутыгъуейщ».

Бзэгу лъабжьэм щIэлъхьэ

Къуажэ гуэрым фадэм дихьэхауэ лIы гуэр дэст. Махуэ къэмынэу, ар чэфу унэм екIуэлIэжырт. ИщIэн щимыщIэжьым, фызыр кьуажэ Іимамым дежь тхьэусыхакIуэ кIуащ. «Зэрефар зыгуэру сигу тезгъэхуэнт, и Іэр къимыIэттэмэ», - жиIэрт цIыхубзым. «Сыт къыщIоуэр?» «Хэт лIыр ефауэ зигу техуэнур? «Уемыфэ!», - жызоIэ. «Уи Іэхъу хэлъ-къымI!» - жи, езыми, кьызоуэ. Ар сабийхэм яльагъу, цIыхухэм зэхах. Тхьэ, схуэмышэчыжI!»

Молэр дурэшьым деж щыт тельъхьэпIэм бгъэдыхьэщ, нэмэз щыгъэ хуэдиз хъуну мывэ щIыкIу гуэр кьищтэри, цIыхубзым деж кьигъэзэжащ. «Мы мывэм сытебжащ, - жиIащ абы. - Чэфу кьыщыкIуэжкIэ, мыр уи бзэгу лъабжьэм щIэлъхьи, щIэгъэльэ. Сэбэп хъунущ».

Зэманыр макIуэ. ЦIыхубзыр Іимамым деж кьокIуэ, лIым ефэн щитэятащ, езыри кьыпхуэмыщIыхужну нэхъ лъагъуэгъафэ хъуащ. Къеуаи кьеушыдауи зэхригъэхьжыркъым. Апхуэдэу мази, мазитIи кIуащ, цIыхубзым зыкъыижьыжащ, унагъэри Іэуэльауэншэ хъужащ.

Махуэ гуэрым цIыхубзыр аргуэру кьокIуэ, и лIыр кьызэрытеIэбам и ІэпапIэ телъу.

- Сыт къэхъуар?

- Кьызэпта мывэ цIыкIур сфIэкIуэдащ!

Сыт хуэдиз унагъуэ хъума хъунут, мы молэм и мывэ хъурейм хуэдэ яIамэ?

Напэкlуэцlыр зыгъэхьэзырар **ЧэРИМ Марианнэщ.**

Шыщхьэуlум и нэмэз щlыгъуэхэр

• Фи лъэIукIэ

Махуэхэр	Пщэдджыжьыр	Дыгъэр къыщыщIэкIыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, гъубж	03.21	04.54	12.22	16.18	19.32	21.12
2, бэрэжьей	03.23	04.55	12.22	16.18	19.31	21.11
3, махуэку	03.24	04.56	12.22	16.18	19.29	21.09
4, мэрем	03.26	04.58	12.22	16.17	19.28	21.08
5, щэбэт	03.27	04.59	12.22	16.17	19.27	21.07
6, тхьэмахуэ	03.29	05.00	12.22	16.16	19.26	21.06
7, блыщхьэ	03.30	05.01	12.22	16.15	19.24	21.04
8, гъубж	03.32	05.02	12.22	16.15	19.23	21.03
9, бэрэжьей	03.33	05.03	12.21	16.14	19.21	21.01
10, махуэку	03.34	05.04	12.21	16.14	19.20	21.00
11, мэрем	03.35	05.05	12.21	16.13	19.19	20.59
12, щэбэт	03.36	05.06	12.21	16.12	19.17	20.57
13, тхьэмахуэ	03.37	05.07	12.21	16.12	19.16	20.56
14, блыщхьэ	03.39	05.09	12.21	16.11	19.14	20.54
15, гъубж	03.40	05.10	12.20	16.10	19.13	20.53
16, бэрэжьей	03.41	05.11	12.20	16.09	19.11	20.51
17, махуэку	03.42	05.12	12.20	16.09	19.10	20.50
18, мэрем	03.43	05.13	12.20	16.08	19.08	20.48
19, щэбэт	03.44	05.14	12.20	16.07	19.07	20.47
20, тхьэмахуэ	03.45	05.15	12.19	16.06	19.05	20.45
21, блыщхьэ	03.46	05.16	12.19	16.05	19.03	20.43
22, гъубж	03.47	05.17	12.19	16.05	19.02	20.42
23, бэрэжьей	03.49	05.19	12.19	16.04	19.00	20.40
24, махуэку	03.50	05.20	12.18	16.03	18.58	20.38
25, мэрем	03.51	05.21	12.18	16.02	18.57	20.37
26, щэбэт	03.52	05.22	12.18	16.01	18.55	20.35
27, тхьэмахуэ	03.53	05.23	12.17	16.00	18.53	20.33
28, блыщхьэ	03.54	05.24	12.17	15.59	18.52	20.32
29, гъубж	03.55	05.25	12.17	15.58	18.50	20.30
30, бэрэжьей	03.56	05.26	12.17	15.57	18.48	20.28
31, махуэку	03.58	05.28	12.16	15.56	18.47	20.27

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Мыслымэнхэм я Іуэхущ Іапl эм къыдитащ.

Эрдоган и тхьэрыIуэр

Илъэс 20 хъуауэ Тыркум и президент къулыкъур езыхьэкI Эрдоган Тайип иджырей хэхьыныгъэми щытекIуэри, мэкъуаугъэм и 3-м и къалэным пэрыувад. Дауэдапщэм и зы Іыхьэт президентым и гъусэу дпэкIэ къэкIуэну илъэситхэм къэралыр зезыхьэнухэм яща тхьэрыIуэр. ЩыIуар нэгъуэщI щынальэми, дэтхэнэ зы мыслымэнми зи Іыхьэ хэлъ мы тхьэлъIуэм дыщыгъуэзэнщ лейкъым.

Іэгъуэзу би-Ллахьи мин Іэш-шэйтIани ррэджиим. Бисмиллахьи ррэхьмани ррэхьиим. Іэлхьэмду ли-Ллахьи рэббил гьалэмиин.

Уэссэлату уэссэламу гьэла расулина Мухьэммэдин уэ гьэла алихьи у Іэщхьабихьи Іэджмэгъынин.

Алыхьу ди Тхьэ! ДынолъэIуу ди Іэхэр къэтIэтащ, уи арэзынныгъэм дыщIолъэIури, я Алыхь, уи щIыб къытхуумыгъаз! Алыхьу Лъэщ! Зэманымрэ щIыпIэмрэ зи унафэм щIэт! Нобэ дызэхуэсащ ди лъапкъри дэхуэхауэ щIэ псори куэд щIауэ зэщIэхъуэпс «тырку лIэщIыгъуэр» къэдгъэщIэрэщIэжын ди мураду. Уи фIыгъуэм дыщIэлъэIуу, ди Іэгуэрэ душIауэ, гурэ псэжэ зыпхудогъэзэри, я Алыхь, Укъыдэмылъэпауэ! Алыхьу ди Тхьэ! Мы ди дунейр шынагъуэ зэдэщымыIэ щIыпIэ тщIыжьыну лъэкIыныгъэ кьыдэт! Мы щIылъэм фIыр тепщэ щыхъужьыным дытегъэлажьэ, ар зэрызэдгъэхъулIэну къаурм дыщумыгъащIэ! Алыхьу ди Тхьэ! Ди президентри, ди къэралри, ди лъэпкъри, дунейпсо щIыхубэри ефIэкIуэн папщIэ, еш ямыIу лажьэ хъулыкъущIэхэм къадзэIэпыкъу. Уи арэзынныгъэм дыщумыгъащIэу, ди лъэпкъым дыхуэлэжьэныр кьыдэгъэхъулIэ. Алыхьу ди Тхьэ! Пэжым, захуагъэм, Уи гущIэгъум япэIэщIэ думыщI! Лей зытехьэхэм кьащхьэщIыжу, лей зезыхьэхэм япэщIэтыфын дыщI!

Алыхьу ди Тхьэ! Дыгъэщэным, щыуагъэрэ нэмыплъысынныгъэрэ тIэщIэкIыным, дин пхэнж зетхьэным дыщIохъумэ! Я Алыхь! ЕпцIыжакIуэхэм я хъуагъэщагъэхэр зэтезыгъэщахэ ди Тхьэ Лъэщ! Ди цIыхубэмрэ ди къэралымрэ и кIуэцIкIи, и щIыбкIи кьещакIуэ бийхэмрэ епцIыжакIуэхэмрэ я мурадыр къахуэзэпымыщэ.

Я Алыхь! Ди гугъэм дыхигъэкIыжыну, ди мамыр гъащIэр зэтрикъутэу ди гуэзгум дытрашину кьытхуэпабгъэхэм датекIуэфын хуэдэу, тхьилъпкIэ нэгъэсарэ Іущыгъэзэ тхуригъэкIу.

Я Алыхь! Ди адажьхэм я щIэин лъапIэр, ди Хэкур, ди щхьэхуитыныгъар, дунеитIми кьыщIтпэлъэ ди къэкIуэнур зыхъумэ ди лъэпкъ махуэм кьехуэхуэ! Уэгуми, щIылъэми, хьими, дэнэ щIыпIи ди лъэпкъ щдждащэм кьыщIыщхьэщIыж, щIыхь зиIэ ди армэм текIуэныгъэр и Іэпэгуу, ефIакIуэ зэпыту сыт щыгъуи щытыну кьыдэIэпыкъу.

Алыхьу ди Тхьэ! Шэхыщ минхэм я псэр зыщIата ди Хэкур, ди лъэпкъыр, Іэхуу пэжыр фIыуэ зыльлъагъуэн щIэблэ кьыдэт. ГущIэгъуэ фIыгъуэрэ щымыщIи ди Тхьэ! Ди къэралри адрей ислъам щIыналъэхэри егъэфIакIуэ! Ди щIыналъэмрэ ди жьэгумрэ фIыгъуэрэ берычэтрэ из щIы. ИугъащIэ ди зэкIуэтынигъэм! Алыхьу ди Тхьэ! Ди фIэщ Уохъу, дызыс пхудощI, дыпщогугъ! Уэрыншэу дыкъэуумыгъанэ, Хэкуищэ, дэIэпыкъугъэщэ, аззянышэ дунейщI. Амин. Бегъымбар псоми Алыхьым и хъуэхъуэ кьатриIуэ. ФIыщIэр Алыхьым ейщ.

Ислъамым и нур

Тхьэрыуэ

Тхьэрыуэ, Тхьэрыуэ, Тхьэрыуэ,
Ар ЩIалэ Іэ, ар ЩIалэ Іэ,
Ар ЩIалэ Іэ, ар ЩIалэ Іэ,
Ар ЩIалэ Іэ, ар ЩIалэ Іэ.

Макъамэр зи псэм хэлъхэр

Налшык къалэм Щэнхабзэ зыужьыныгъэмкIэ и центрым и «Адые паруса» клубым бадзэуэгъуэм и 17-м пшыхь гукъинэж щатащ цIыхубэ макъамэ Iэмэпсымэхэр къэзыгъэщIэрэщIэж, музыкант, къэхутакIуэ, «Бзабзэ» адыгэ-абхъаз макъамэ театр» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьамадэ, Ингуш Республикэм и «Овлы» сабий ансамблым и художественнэ унафэщI Куаз Зубберэ и гъэсэн Къуныжь Вячеславрэ.

● Пшыхьхэр

ЕУАЗ Зубер пшыхьым зыкърезыгъэхьэлIахэм яхутепсэлъыхьащ адыгэ макъамэм, цIыхубэ макъамэ Iэмэпсымэхэм я тхыдэм, пасэм джэгуакIуэхэмрэ ажагъафэхэмрэ пщIэшхуэ яIэу щIыщытам. Зубер къызэрильытэмкIэ, иужьрейм и щхьэусыгъуэр - адыгэм и гъащIэм мыхьэнэшхуэ щызыIэ дауэдапщэхэм (хьэгъуэлIыгъэм, хьэщIэщащI джэгум, зекIуэм, тхьэлъэIум, льэтеувэм, дунейм ехьжа цIыхум и хьэдэщIэлъхьэм) ирагъэблагъэ джэгуакIуэм, шыкIэпшынаужь я пщэм къалэнышхуэ кьыдахуэу зэрыщытарщ. ЦIыкур дунейм кьытехьа нэужь, тхьэлъэIу ящIырт, уэрэд жаIэу, шыкIэпшынэ еуэу.

Еуазым Iэпэпшынэ, пшынэ дыкъуакъуэ, пхъэцыч, нэгъуэщIхэри зэрагъэхьэзырым щIалэгъуалэр хэгъэгъуазэ. Фэнд пшынэри зэращIым и кIапэлъапэхэр кьигъуэтыжащ. Iэпщlэльапщlэм кьызэрильытэмкIэ, шыкIэпшынэ пщIыну кьызэрымыкIуэу гугъущ. Пэщэщэнейщи, зы шыкIэпшынэм зэманэ мазиблым нэблагъэ пфIэхь. УэрэджIэ къудейкIи зэфIэкIынукъым. Макъамэр-щэ? Ар дауэ кьызэрибгъэкIынур? Пхъэм тIэкIу тепха нэужь, утеуIуэрэ нэсарэ нэмысарэ зэхэбгъэкIын, макъым уедалуэрэ зэтебухуэн хуейщ. Пхъэм езым кьыбжеIэ ар. ИтIанэ, и щхьэри и лъабжьэри зэщхьэщymыгъэкIыу зэхуэбгъэдэнущ. TIэкIу зэтекIамэ, зы щыуагъэ тIэкIу пIэщIэкIрэ укьигъапцIэмэ, мазэ бжыгъэкIэ уэлэжьа Iэмэпсымэр зыри мыхьужу хьIфIбдзэжьын хуей хъунущ. Апхуэдэ кьыщыхуихуаи къэхъуащ.

Шыкlэпшынэ ящIыну гупыж ящIу кьакIуэ щIалэжьм зэрыжеIэ пхъэм щыхащIкIэ, абы щIилэжьэфкIэ, яригъэлъагъуурэ езыхъэм ящIыжмэ зэрынэхъыфIыр. Апхуэдэуэрэ Iэхъум трегъэгушхуэ. Цlыху къэс я Iэпхъуамбэхэр зэхуэдэжьым: хэт ейр нэхъ кIэщIу, хэт ейр нэхъ кIыхьщ. Езым и Iэпэм хуэкIуэ шыкIэпшынэ ищIмэ, нэхъ тыншу еуэну къелъытэ.

- Шыкlэпшынэм пасэу сыдихьэхати, ар ззэгъэпэщыну си хъуэпсапIэт. Хьурей Фемикс 1982 гъэм Óйбрмэн Владимир Одессэ кьэкIашауэ щытащ «Бжьамий» ансамблыр зыхуеину макъамэ Iэмэпсымэхэр иригъэщIну. Абы 90 гъэм сихуэзэри, шыкlэпшынэ схуищIыну селъэIуащ, Óйбрмэн Езым и лъыплъырэ, сэри и Iэхъум сызэрыдихьэхам гу щIыльшынэр, гиГъэзэну жиIащ. Хуэмурэ сыдихьэхыпэри, шыкlэпшынэр, Iэпэпшынэр, пшынэ дыкъуакъуэр, пхъэцIычыр, нэгъуэщI адыгэ макъамэ Iэмэпсымэхэр хьэщIащхэр зэгъэжащ, - жиIащ Зубер. - Абхъазми ди шыкlэпшынэм хуэдэ яIащ, зы льэпкъыу дызэрыщытым и нэщэну. Адыгейм и музейм щIэлъ Iэмэпсымэхэми селпIащ. ХьэжъпащIэ Хьэсэнрэ Щауэжь Елмырзэрэ ящIа шыкlэпшынэхэр, Серебряков (Даутокъуэ) Заурбэч и Iэпэ-пшынэр, нэгъуэщIхэри ди Лъахэхэутэ музейм щахъумэ. Пасэрей адыгэ шыкlэпшынэм и сурэт кьыслIэрыхьэри, абыи иджыблагъэ къытесщIыкIыжащ. КIуэзаракъэ, зы илъэси 100-м щIигъуэ хъунущ апхуэдэ шыкlэпшынэ иужь дыдэу зэращIрэ. Пасэрей шыкlэпшынэм уи закъуэу уеуэн хуейуэ аращ. XX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэхэм Щауэжь Елмырзэ шыкlэпшынэм цIыхуитI-цIыу уздеуэфын хуэдизу зы жьипхъэ гуэрым иригъэвэри, а Iэмэпсымэм и къэухьым зригъэубгъуэт. Апхуэдэ шыкlэпшынэ зыбжанэ згъэхьэзыращ, ансамбль кьызэбгъэпэщIынымэ е гупу утыку уихьэнымэ къэбгъэсэбэп хъунущ.

Сабийхэр уэрэдкIэ, макъамэкIэ кьагъафэу, ягъэджэгуу щытащ. Нану цIыкIуэр щагъэжейкIэ гущажьу уэрэдхэр шыкlэпшынэм кьрагъэкIырт. КьищынэмыщIауэ, зекIуагъэщIэхэр техьэулеикIыу зы щыпIэкIэ кIуэуэ щалтьагъукIэ, уэрэд жраIэурэ кьрагъэгъэзэжырт. Уэрэдымрэ макъамэмрэ щIэблэр нэхъыбэу щIэзэпIыкIыр анэшхуэ-адэшхуэхэрат. Псалъэм папщIэ, «Уэ Iэпхъуамбэ пIащэ, Уэ шэпIащэрыу», - жаIэурэ кьагъэтэджырт. Сабийр кьыдэкIуэтэ нэужь льэтеувэ хуащIырт. И ныбжьэгъу цIыкIуэр зэхуашэсырти, Iэнэ хуагъэувырт, джэгу ящIырт, кьагъафэрт.

Шыкlэпшынаужь иджы иГъэзащIэ кьалэныи и гугъу щищIым, Есэрэ кьыжитъэщащ, ансамблхэр, гуп щхьэхуэхэр, уэрэдджыкIуэхэмрэ кьэфакIуэхэмрэ куэду кьызэрыпэнхурэ шыкlэпшынаужь и пщэрылъыр нэгъуэщI зэрыхъуам. Арами, илъэс зыбжанэ яжреIэ пхъэм щыхащIыкIэ, абы щрилэжьэфкIэ, яригъэлъагъуурэ езыхъэм ящIыжмэ зэрынэхъыфIыр. Апхуэдэуэрэ Iэхъум трегъэгушхуэ. Цlыху къэс я Iэпхъуамбэхэр зэхуэдэжьым: хэт ейр нэхъ кIэщIу, хэт ейр нэхъ кIыхьщ. Езым и Iэпэм хуэкIуэ шыкlэпшынэ ищIмэ, нэхъ тыншу еуэну къелъытэ.

- Шыкlэпшынэм пасэу сыдихьэхати, ар ззэгъэпэщыну си хъуэпсапIэт. Хьурей Фемикс 1982 гъэм Óйбрмэн Владимир Одессэ кьэкIашауэ щытащ «Бжьамий» ансамблыр зыхуеину макъамэ Iэмэпсымэхэр иригъэщIну. Абы 90 гъэм сихуэзэри, шыкlэпшынэ схуищIыну селъэIуащ, Óйбрмэн Езым и лъыплъырэ, сэри и Iэхъум сызэрыдихьэхам гу щIыльшынэр, гиГъэзэну жиIащ. Хуэмурэ сыдихьэхыпэри, шыкlэпшынэр, Iэпэпшынэр, пшынэ дыкъуакъуэр, пхъэцIычыр, нэгъуэщI адыгэ макъамэ Iэмэпсымэхэр хьэщIащхэр зэгъэжащ, - жиIащ Зубер. - Абхъазми ди шыкlэпшынэм хуэдэ яIащ, зы льэпкъыу дызэрыщытым и нэщэну. Адыгейм и музейм щIэлъ Iэмэпсымэхэми селпIащ. ХьэжъпащIэ Хьэсэнрэ Щауэжь Елмырзэрэ ящIа шыкlэпшынэхэр, Серебряков (Даутокъуэ) Заурбэч и Iэпэ-пшынэр, нэгъуэщIхэри ди Лъахэхэутэ музейм щахъумэ. Пасэрей адыгэ шыкlэпшынэм и сурэт кьыслIэрыхьэри, абыи иджыблагъэ къытесщIыкIыжащ. КIуэзаракъэ, зы илъэси 100-м щIигъуэ хъунущ апхуэдэ шыкlэпшынэ иужь дыдэу зэращIрэ. Пасэрей шыкlэпшынэм уи закъуэу уеуэн хуейуэ аращ. XX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэхэм Щауэжь Елмырзэ шыкlэпшынэм цIыхуитI-цIыу уздеуэфын хуэдизу зы жьипхъэ гуэрым иригъэвэри, а Iэмэпсымэм и къэухьым зригъэубгъуэт. Апхуэдэ шыкlэпшынэ зыбжанэ згъэхьэзыращ, ансамбль кьызэбгъэпэщIынымэ е гупу утыку уихьэнымэ къэбгъэсэбэп хъунущ.

Еуазым Iэпэпшынэ, пшынэ дыкъуакъуэ, пхъэцIычыр, нэгъуэщIхэри зэрагъэхьэзырым щIалэгъуалэр хэгъэгъуазэ. Фэнд пшынэри зэращIым и кIапэлъапэхэр кьигъуэтыжащ. Iэпщlэльапщlэм кьызэрильытэмкIэ, шыкlэпшынэ пщIыну кьызэрымыкIуэу гугъущ. Пэщэщэнейщи, зы шыкlэпшынэм зэманэ мазиблым нэблагъэ пфIэхь. УэрэджIэ къудейкIи зэфIэкIынукъым. Макъамэр-щэ? Ар дауэ кьызэрибгъэкIынур? Пхъэм тIэкIу тепха нэужь, утеуIуэрэ нэсарэ нэмысарэ зэхэбгъэкIын, макъым уедалуэрэ зэтебухуэн хуейщ. Пхъэм езым кьыбжеIэ ар. ИтIанэ, и щхьэри и лъабжьэри зэщхьэщymыгъэкIыу зэхуэбгъэдэнущ. TIэкIу зэтекIамэ, зы щыуагъэ тIэкIу пIэщIэкIрэ укьигъапцIэмэ, мазэ бжыгъэкIэ уэлэжьа Iэмэпсымэр зыри мыхьужу хьIфIбдзэжьын хуей хъунущ. Апхуэдэ кьыщыхуихуаи къэхъуащ.

Шыкlэпшынэ ящIыну гупыж ящIу кьакIуэ щIалэжьм зэрыжеIэ пхъэм щыхащIкIэ, абы щрилэжьэфкIэ, яригъэлъагъуурэ езыхъэм ящIыжмэ зэрынэхъыфIыр. Апхуэдэуэрэ Iэхъум трегъэгушхуэ. Цlыху къэс я Iэпхъуамбэхэр зэхуэдэжьым: хэт ейр нэхъ кIэщIу, хэт ейр нэхъ кIыхьщ. Езым и Iэпэм хуэкIуэ шыкlэпшынэ ищIмэ, нэхъ тыншу еуэну къелъытэ.

- Шыкlэпшынэм пасэу сыдихьэхати, ар ззэгъэпэщыну си хъуэпсапIэт. Хьурей Фемикс 1982 гъэм Óйбрмэн Владимир Одессэ кьэкIашауэ щытащ «Бжьамий» ансамблыр зыхуеину макъамэ Iэмэпсымэхэр иригъэщIну. Абы 90 гъэм сихуэзэри, шыкlэпшынэ схуищIыну селъэIуащ, Óйбрмэн Езым и лъыплъырэ, сэри и Iэхъум сызэрыдихьэхам гу щIыльшынэр, гиГъэзэну жиIащ. Хуэмурэ сыдихьэхыпэри, шыкlэпшынэр, Iэпэпшынэр, пшынэ дыкъуакъуэр, пхъэцIычыр, нэгъуэщI адыгэ макъамэ Iэмэпсымэхэр хьэщIащхэр зэгъэжащ, - жиIащ Зубер. - Абхъазми ди шыкlэпшынэм хуэдэ яIащ, зы льэпкъыу дызэрыщытым и нэщэну. Адыгейм и музейм щIэлъ Iэмэпсымэхэми селпIащ. ХьэжъпащIэ Хьэсэнрэ Щауэжь Елмырзэрэ ящIа шыкlэпшынэхэр, Серебряков (Даутокъуэ) Заурбэч и Iэпэ-пшынэр, нэгъуэщIхэри ди Лъахэхэутэ музейм щахъумэ. Пасэрей адыгэ шыкlэпшынэм и сурэт хьэщIащхэр зэгъэжащ, - жиIащ Зубер. - Абхъазми ди шыкlэпшынэм хуэдэ яIащ, зы льэпкъыу дызэрыщытым и нэщэну. Адыгейм и музейм щIэлъ Iэмэпсымэхэми селпIащ. ХьэжъпащIэ Хьэсэнрэ Щауэжь Елмырзэрэ ящIа шыкlэпшынэхэр, Серебряков (Даутокъуэ) Заурбэч и Iэпэ-пшынэр, нэгъуэщIхэри ди Лъахэхэутэ музейм щахъумэ. Пасэрей адыгэ шыкlэпшынэм и сурэт

Я гъащIэр хабзэкIэ псыхьат

● Фи лъэIукIэ

Адыгэхэм нэмысышхуэрэ хабзэшхуэрэ яхэлъу лIэщIыгъуэкIэрэ къоГуэгурыкIуэ. Лъэпкъым и дэтхэнэ Iуэхури ткIийуэ хабзэм тету ирагъэкIуэкIырт. ЖыпIэнурамэ, адыгэм и псэуныгъэр зэрыщыту хабзэкIэ псыхьат. Сабийр дунейм къыщыпехьагъащIэм щегъэжьауэ цIыхум и иужьрей махуэр къэсыху ар и Iэпэгъуэ. Ди зэманым хабзэр япэм хуэдэ дыдэу псоми зэрамыхьэжьыфми, идкьыри абы тетыр нэхъыбэщ. Газетым и щIэджыкIакIуэхэм я лъэIур дгъэзащIэу, нобэ фиГу кьоГуэкIыжьыкъ адыгэхэм я Iэнэ тIыскIэр, абы и лъэныкъуэкIи хьэщIэм кIэлъыззэрахьэу щыта хабзэри къыхэщу. Ар кьыщыгъэлъэгъуэжащ МафIэдз Сэрэбий и «Адыгэ хабзэ» тхылъым.

ГУфIэГъуэкIэ цIыхухэр зэхьхьамэ, абы щызэрыхьэлIа псори зы гупу зэхэтIысхьэрэтэкъым. Нэхъыжь здэщыс Iэнэм щIалэгъуалэ щIыбгъуэ щIыбгъуэ зэрыщытам, ар зыхуей хуитIыжьэ. ИрагъэкIуэ щхьэусыгъуэ. Ар зэрыщытам и щхьэусыгъуэ. Ар зэпыIуэ щIалэгъуалэ щIыбгъуэ щIыбгъуэ зэрыщытам, ар зыхуей хуитIыжьэ. ИрагъэкIуэ